



**Haitian Creole Edition**  
**Grade 5 Mathematics Test, Book 1**  
**May 5–7, 2010**

**Pwogram Egzamen Eta Nouyòk**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 1**

Ane **5**

**5–7 me 2010**



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703.  
Copyright © 2010 by the New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of the New York State Education Department.

## TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstriksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.




## Egzanp A



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki longè bwòs dan yo montre anba a an santimèt?




- A 12
- B 13
- C 14
- D 15

## Egzanp B



Sèvi ak rapòtè ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki mezi ang  $x$  yo montre anba a?



- A  $30^\circ$
- B  $45^\circ$
- C  $90^\circ$
- D  $150^\circ$

**RETE LA**



**1**

Sèvyèt deben Dante mezire 1 yad an longè. Ki mezi ki ekivalan ak 1 yad, an pous?

- A** 3
- B** 12
- C** 36
- D** 108

**2**

Penn trase yon triyang avèk yon ang  $90^\circ$ . Ki sa mezi de lòt ang yo nan triyang Penn lan ka ye?

- A**  $30^\circ$  ak  $60^\circ$
- B**  $90^\circ$  ak  $90^\circ$
- C**  $60^\circ$  ak  $120^\circ$
- D**  $90^\circ$  ak  $180^\circ$

**3**

Ki deklarasyon montre nonb yo nan bon lòd la?

- A**  $0,8 > 0,5 > 0,2 > 0,9$
- B**  $0,9 > 0,8 > 0,5 > 0,2$
- C**  $0,2 < 0,8 < 0,5 < 0,9$
- D**  $0,5 < 0,9 < 0,2 < 0,8$

***Kontinye***

**4**

Ane dènyè kantite total moun ki te vizite Ocean Adventure Park se te 7.040.836.  
Ki valè chif 4 nan nonb sa a?

- A** kat
- B** karant
- C** kat mil
- D** karant mil

**5**

Yon konpayi fè yon lekòl kado 935 kreyon. Yo pataje kreyon yo egal ego ant 9 saldeklas. Yo bay bibliyotèk la rès kreyon ki rete yo.

Ki deklarasyon anba a ki dekri kòrèkteman fason yo pataje kreyon yo?

- A** 103 kreyon pou chak saldeklas ak 8 kreyon pou bibliyotèk la
- B** 108 kreyon pou chak saldeklas ak 8 kreyon pou bibliyotèk la
- C** 130 kreyon pou chak saldeklas ak 8 kreyon pou bibliyotèk la
- D** 133 kreyon pou chak saldeklas ak 8 kreyon pou bibliyotèk la



6




Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.




Sèvi ak rapòtè ou pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Jolie trase triyang ki anba a.




Ki triyang ki **kongriyan** ak triyang Jolie a?


A




C



B



D



***Kontinye***

**7**

Manny posede 83 diferan seri kat baskètbòl. Chak seri kat gen egzakteman 504 kat. Ki kantite total kat baskètbòl Manny posede?

- A 4.462
- B 5.544
- C 41.832
- D 42.662

**8**

Ki nonm fraksyonè ki ekivalan a  $\frac{27}{4}$ ?

- A  $6\frac{1}{4}$
- B  $6\frac{3}{4}$
- C  $7\frac{1}{4}$
- D  $7\frac{3}{4}$

**9**


Mezi twa nan ang enteryè yon kwadrilatè se  $60^\circ$ ,  $110^\circ$ , ak  $90^\circ$ . Ki mezi katriyèm ang kwadrilatè sa a?

- A  $20^\circ$
- B  $40^\circ$
- C  $100^\circ$
- D  $180^\circ$

**10** Ki pi gran faktè komen (PGFK) 8 ak 16?

- A** 2
- B** 4
- C** 8
- D** 12

**11** Yo mezire nivo dlo nan rivyè Green River a yon fwa chak semèn. Done yo reprezante sou graf lineyè ki anba a.



Dapre done ki sou graf lineyè a, ki deklarasyon konsènan nivo dlo a ki kòrèk?

- A** Pi gwo **ogmantasyon** nan nivo dlo a ant Semèn 1 ak Semèn 2.
- B** Pi gwo **ogmantasyon** nan nivo dlo a ant Semèn 3 ak Semèn 4.
- C** Pi gwo **rediksyon** nan nivo dlo a ant Semèn 4 ak Semèn 5.
- D** Pi gwo **rediksyon** nan nivo dlo a ant Semèn 7 ak Semèn 8.


***Kontinye***

12



Sèvi ak rapòtè ou pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Jenna trase dyagram ki anba a.



Konbyen ang dwat li genyen nan dyagram li a?





- A 1
- B 2
- C 3
- D 4

**13** Ki valè  $n$  nan ekwasyon ki anba a?

$$65 + n = 310$$

- A 375
- B 365
- C 245
- D 235

**14** Ki kwadrilatè gen de ang egi, de ang obti, de pè kote opoze paralèl?



***Kontinye***

**15**

Betsy gen yon sèten kantite bag,  $r$ . Kantite bag Vivian genyen 4 fwa plis. Ki ekspresyon ki ka sèvi pou detèmine kantite bag Vivian genyen?

**A**  $r + 4$

**B**  $4 - r$

**C**  $\frac{r}{4}$

**D**  $4r$

**16**

Ki nonb ki reprezante de milyon karant-senk mil senksan senk?

**A** 2.045.055

**B** 2.450.505

**C** 2.045.505

**D** 2.450.055

**17**

Pak vil la a  $9\frac{3}{10}$  mil de distans de Lekòl Elemantè Roland lan. Bibliyotèk vil la a  $3\frac{3}{10}$  mil de distans de menm lekòl la. A ki distans anplis pak la ye de lekòl la pase bibliyotèk la?

**A** 6 mil

**B** 12 mil

**C**  $6\frac{3}{10}$  mil

**D**  $12\frac{3}{10}$  mil

18




Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.




Sèvi ak rapòtè ou pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Ki pè triyang ki sanblab?


A




B



C



D



***Kontinye***

**19**

Ginny peye \$4,16 pou yon sandwich. Li peye \$0,95 pou yon moso fwi. Ki montan total Ginny peye pou sandwich la ak fwi a?

- A \$3,21
- B \$4,25
- C \$5,11
- D \$13,66

**20**

Ki ekwasyon ki vre lè  $m = 4$ ?

- A  $8 \div m + 5 = 7$
- B  $4 + 8 \div m = 3$
- C  $12 \div m + 2 = 2$
- D  $16 + 4 \div m = 5$

**21**

Randa manje  $\frac{3}{8}$  nan yon pitza, e Marvin manje  $\frac{1}{8}$  nan menm pitza a. Ki fraksyon nan pitza a Randa ak Marvin manje?

- A  $\frac{5}{8}$
- B  $\frac{3}{8}$
- C  $\frac{1}{4}$
- D  $\frac{1}{2}$



**22**

Sheena make kantite tan, an minit, li pran l pou l kondwi de lakay li jouk rive nan biwo l, pandan yon peryòd senk jou. Tan li pran pou l kondwi a make anba a.

65, 50, 56, 55, 64

Ki mwayèn kantite minit li pran Sheena pou l kondwi de lakay li jouk rive nan biwo l la?

**A** 68

**B** 65

**C** 58

**D** 55

**23**

Ki inegalite ki vre?

**A**  $0,85 < 0,58$

**B**  $0,97 < 0,79$

**C**  $0,23 > 0,32$

**D**  $0,64 > 0,46$

***Kontinye***

Tablo anba a montre longè ensèk diferan ki ekspoze nan yon mize.

### MEZI ENSÈK


Ensèk	Longè (an pous)
A	$\frac{1}{2}$
B	$\frac{3}{4}$
C	$\frac{3}{10}$
D	$\frac{1}{3}$

Ki ensèk ki gen longè ki **pi kout** la?

- A** Ensèk A
- B** Ensèk B
- C** Ensèk C
- D** Ensèk D

**25**

Triyang ABC kongriyan ak Triyang DEF.



Ki kote nan triyang lan ki korespondan?

- A** kote AB ak kote FE
- B** kote AC ak kote EF
- C** kote CA ak kote EF
- D** kote CB ak kote FE

**26**

Heidi make kantite fwa anmwayèn jwè yo frape boul la pou make pwen nan yon ekip bezbòl. Ki lis ki montre kòrèkteman kantite fwa anmwayèn jwè yo frape boul la pou make pwen nan lòd **pi piti** pou rive nan **pi gran**?

- A** 0,353, 0,309, 0,179, 0,172
- B** 0,309, 0,353, 0,179, 0,172
- C** 0,179, 0,172, 0,309, 0,353
- D** 0,172, 0,179, 0,309, 0,353

# RETE LA



**Ane 5**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 1**  
**5–7 me 2010**

**Grade 5**  
**Mathematics Test**  
**Book 1**  
**May 5–7, 2010**

*The McGraw-Hill Companies*

---